

K

1

2

3

4

5

Gwo espwa

Patnarya pou
lavni pitit ou



6



**Department of
Education**

Joel I. Klein, Chancellor

7

8

Bon lekòl derape ak Gwo espwa

Nòm aprantisaj yo dekri baz sa elèv yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan chak klas. Nòm sa yo asire ke tout elèv yo prepare pou chanje klas epi, annapre, pou yo gen siksè nan kolèj, jwenn yon djòb, epitou vin manm k ap pwodui nan kominote yo. Timoun yo dwe devlope yon lanmou pou yo aprann k ap sèvi yo byen nan yon monn kote enfòmasyon ap chanje ak devlope rapidman.

Pou timoun yo kapab jwenn travay nan ekonomi mondyal konpetitif la epi pou yo kapab fonksyone nan yon monn k ap chanje vit, y ap bezwen konnen plis pase anvan. Sa se yon reyalyite pou elèv gradye ki fè plan pou enskri nan kolèj ki genyen pwogram katran; Se yon reyalyite tou pou elèv ki vle kòmanse karyè yo touswit apre lekòl segondè.

Nòm Leta Nouyòk nou itilize yo, yo fèt pou ofri elèv nou yo korikolòm solid pou asire yo devlope kreyativite, aptitud pou panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm y ap bezwen pou yo fè fas ak defi monn modèn lan. Men nòm yo se yon kòmansman, se pa yon fen. Lè nou satisfè ak bati sou yon fondasyon konesans solid, elèv nou yo ap benefisye davantaj de edikasyon yo.

Nan gid sa a, w ap jwenn kèk egzanp sou sa elèv klas 6yèm ane yo ta dwe konnen ak sa yo ta dwe ka fè nan fen ane akademik lan nan lang e literati (ELA), matematik, syans sosyal, ak syans. W ap jwenn tou fason ou kapab sipòte aprantisaj la antank yon fanmi, tankou bagay ou kapab fè lakay ou, nan katye ou ak toupatou nan gran vil nou an.

Gid sa a ofri sèlman yon ti modèl nòm pou klas 6yèm ane yo. E sa ki konsène lòt nòm yo? Kisa pitit ou a ta dwe deja konnen anvan l kòmanse 6yèm ane? Kisa l ap aprann nan klas 7yèm ane ak nan lòt klas yo? Pwofesè pitit ou kapab ba ou repons pou tout kesyon sa yo oswa ou kapab jwenn repons yo sou sit wèb nou nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Bòn abitud etid

Pou ede pitit ou yo devlope bon abitud etid :

- ❑ Prepare yon espas konfòtab nan kay la pou li fè devwadmezon li ak ti materyèl tankou plim, kreyon, papyè, sizo, ak tep ki deja la.
- ❑ Fè yo fè ak òganize devwa yo chak jou. Yo bezwen konnen kouman pou yo jere tan yo ak devwa yo an fonksyon objektif alontèm yo.
- ❑ Ankouraje yo fè devwa ki pi difisil yo anvan, se pa an dènye.
- ❑ Verifye pou w wè si devwa yo fini alè. Prewokipe w plis de pwosesis yo itilize pou yo fè devwa a pase pou w ap siveye repons ki kòrèk.

Pou ka jwenn lòt lide, ale nan sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Elèv ki gen andikap :

Sofsi genyen lòt edikasyon nan Plan edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP) elèv la, elèv ki genyen andikap yo ap patisipe nan korikolòm edikasyon jeneral la ke yo kapab adapte pou diferan nivo ansèyman ak diferan anviwònman (tankou kou Ansèyman yon gwoup pwofesè k ap kolabore ofri elèv Collaborative Team Teaching (CTT) oswa kou edikasyon espesyal endepandan). Adaptasyon yo kapab genyen ladan yo itilizasyon sipò didaktik tankou kalkilatris ak sipò vizyèl, plis tan pou aprann nouvo teknik, epi diminye nan longè devwa yo pou ede elèv ki gen andikap yo satisfè nòm yo.

Mande pwofesè pitit ou



Nòm aprantisaj yo ofri w yon gwo opòtinite pou pale avèk pwofesè yo sou sa pitit ou ap aprann nan lekòl la ak fason ou kapab sipòte aprantisaj sa a lakay ou. Men kèk kesyon ou kapab vle poze.

Pou konnen plis sou yon nòm :

- Èske ou kapab montre mwen kèk egzanzp travay elèv la ki satisfè nòm sa a?
- Èske mwen kapab gade kèk travay pitit mwen ki konsène nòm sa a?
- Kilè pitit mwen ap travay sou nòm sa a pandan ane akademik lan?
- Ki aktivite ak materyèl w ap itilize nan lekòl la pou ede pitit mwen satisfè ak depase nòm sa a? Ki travay nan klas ak devwadmezon ou pral bay elèv yo?
- Ki kèk egzèsis mwen kapab fè avèk pitit mwen pou ede li avèk nòm sa a?
- Anplis nòm ki fè pati gid sa a, ki lòt nòm yo atann pou pitit mwen an aprann ane sa a?

Pou konnen kouman pitit ou ap travay nan lekòl la :

- Èske pitit mwen an ap travay nan nivo klas la? Èske genyen kèk domèn kote pitit mwen bezwen amelyorasyon?
- Èske pitit mwen an ap li nan nivo klas li? Èske w ka montre m kèk liv pitit mwen an ka li?
- Konbyen tan pa jou pitit mwen pase ap travay sou chak matyè?
- Kouman ou evalye pitit mwen an sou matyè sa yo pandan ane a?

Pou konnen fason pou w sipòte pitit ou :

- Anplis kanè yo, ki pi bon mwayen pou m rete enfòme sou fason pitit mwen ap travay?
- Si pitit ou a pa p travay nan nivo klas la : Ki èd lekòl la kapab ofri pitit mwen? Kisa mwen kapab fè lakay mwen pou ede pitit mwen travay pi byen nan lekòl la?
- Si pitit ou a nan nivo klas la oswa si li depase nivo klas la : Ki ankourajman ak sipò siplemantè ou sijere pou pitit mwen? Kouman mwen kapab ede pitit mwen lakay li?

6

Lang e literati angle (ELA)

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Itilize divès estrateji tankou poze kesyon, li, fè rezime ak vizyalize pou sipòte konpreyansyon tèks yo li.
- Detèmine fason itilizasyon pwosede literè (tankou konparezon ak metafo) transmèt mesaj otè a. Konparezon se konparezon dirèk de bagay diferan; metafo se yon konparezon oswa yon referans endirèk nan fason diferan bagay sanble.
- Rekonèt kouman pèsonaj ki nan yon istwa chanje apre yon sèten tan.
- Li ak konprann omwen 15 liv, pami yo omwen kat liv sou yon sijè oswa kat liv menm otè a ekri oswa kat liv kin yon sèl jan (estil) literati
- Konsève yon pòtfolyo redaksyon orijinal ki genyen diferan estil ak objektif, tankou redaksyon ki bay anpil enfòmasyon (atik ak rapò); redaksyon literè (istwa, powèm ak non-fiksyon); redaksyon modèl entèpretasyon (tankou revizyon liv oswa fim); ak redaksyon modèl repons (tankou lèt pou voye ba editè a).
- Li an silans ak awotwva nan plizyè jan (estil).
- Prezante rapò pandan senk a sèt minit sou sijè ki gen pou wè ak matyè lekòl la, avèk itilizasyon nòt, lide, ak èd vizyèl.
- Itilize langaj, ton, volim ak jès konvenkan pou konvenk yon oditwa sou yon pwendvi.
- Pran nòt pandan y ap koute, idantifye ak note detay enpòtan yo.
- Itilize yon leksik pou idantifye sinonim (mo ki vle di menm bagay) ak antonim (mo ki genyen siyifikasyon opoze).



Aprantisaj lakay

Estrateji sa yo kapab fèt nan lang natifnatal fanmi yo ak nan lang Angle tou.

Ankouraje pitit ou pou li mande yon bibliyotekè oswa yon moun k ap vann nan yon libreri pou rekòmande li liv ki enterese li.

Montre pitit ou kouman ou enterese nan redaksyon li. Mande pitit ou pou li travay resan li epitou pale osijè lide pitit ou ap reflechi sou yo pou devlope yo an powèm, esè oswa istwa.

Ankouraje pitit ou pou li jwenn nouvo fason pou eksprime lide yo nan redaksyon. Pa egzanp, wè konbyen fason pitit ou kapab dekri yon emosyon, tankou "kontan" oswa "eksite." Pou jwenn sinonim sou Entènèt, ale sou sit wèb www.m-w.com epi klike sou "Thesaurus."

Envite pitit ou pou li patisipe nan yon rasanbleman adilt, tankou yon reyinyon katye oswa yon repa nan yon restoran, pou devlope aptitud li nan kapasite pou pale ak nan kapasite pou koute.

Matematik



Aprantisaj lakay

Ansanm avèk pitit ou, al vizite Rose Center for Earth and Space at the American Museum of Natural History, www.amnh.org/rose, sou Anwo Pati Lwès Upper West Side, chèche imaj lespas nan www.nasa.gov, oswa jwenn liv sou astwonmi nan Bibliyotèk Piblik Nouyòk, kids.nypl.org. Pale osijè gwo nonb yo itilize pou yo dekri linivè ak sistèm solè a.

Ankouraje pitit ou jwe jwèt sosyab tankou echèk ak *backgammon*, avèk ou ak lòt manm fanmi an. Jwèt sosyab yo ede devlope disiplin, panse kritik ak kapasite pou rezoud pwoblèm. Ale sou echèk nan sit wèb lekòl yo www.chessintheschools.org pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo nan lekòl vil Nouyòk.

Envite pitit ou pou li eksplore “Figure This,” www.figurethis.org/index.html, yon sit wèb Konsèy Nasyonal pwofesè matematik *National Council of Teachers of Mathematics* ki gen bagay difisil, lide ak resous pou ede timoun ak fanmi renmen ak itilize matematik.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Li ak ekri nonb jiska yon trilyon (1.000.000.000).
- Chèche nonb rasyonèl yo (nonb ki kapab eksprime sou fòm fraksyon oswa pwopòsyon ratio) sou yon liy gradye. Pa egzanp, $\frac{1}{4}$ kapab ekri kòm 0.25 sou yon dwat gradye
- Reprézante nonb rasyonèl yo nan diferan fason. Pa egzanp, $\frac{1}{2}$ kapab ekri tou kòm yon desimal (0.50) oswa kòm yon pousantaj (50 pousan).
- Adisyon, soustrè, miltipliye ak divize fraksyon ak nonb fraksyonè avèk denominatè ki diferan. Pa egzanp, $\frac{1}{4} + \frac{1}{2} = \frac{3}{4}$ epi $2\frac{3}{4} - 1\frac{1}{2} = 1\frac{1}{4}$.
- Jwenn sipèfisi (espas sifas ki andedan kote yo) ak perimèt (longè total kote yo) poligòn regilye (fòm kote tout kote yo genyen menm longè epi tout ang yo genyen menm mezi) ak poligòn iregilye.
- Jwenn sikonferans (distans toutotou) ak sipèfisi yon sèk.
- Idantifye inite kapasite tradisyonèl, tankou tas, pint, ka, oswa galon, ak inite kapasite metrik, tankou milimèt, santimèt kib oswa lit.
- Rezoud pwopòsyon senp. Pa egzanp, rezoud pwopòsyon $4:x = 5:25$. (Senk se yon senkyèm nan 25, kidonk kat dwe genyen menm pwopòsyon an oswa li se yon senkyèm x . Kat se yon senkyèm 20, kidonk $4:20=5:25$.)
- Li ak entèprete graf.
- Itilize divès kalite fason pou reprézante ak rezoud pwoblèm. Pa egzanp, itilize ekspresyon aljèbrik oswa itilize yon tab.

Syans

Syans nan klas sizyèm ane ap eksplore machin senp ak machin konplèks, tanperati, divèsite ak entèdepandans lavi.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Idantifye machin senp, tankou levye, pouli, wou ak aks, ak plan encline. Konprann machin konplèks, tankou bisiklèt, itilize melanj machin senp k ap entèaji.
- Konprann enèji potansyèl (enèji ki estoke), enèji sinetik (enèji mouvman), ak enèji mekanik (melanj enèji potansyèl ak enèji sinetik ki aplike sou yon objè pandan travay).
- Rekonèt se chofaj inegal sifas latè ki lakòz tout kalite tanperati. Presyon, imidite relatif, tanperati ak van se kèk kondisyon ki lakòz chanjman nan tanperati.
- Konprann evènman ekstrèm nan tanperati, tankou siklòn, tònad, tanpèt nèj, ak sechrès.
- Konprann teyori selilè :ke yon selil se inite debaz estrikti ak fonksyon ki nan tout èt vivan.
- Konpare ak diferansye òganis iniselilè ak òganis miltiselilè—sa vle di, òganis ki genyen yon sèl selil ak òganis ki genyen plizyè selil.
- Konprann faktè ki afekte ogmantasyon popilasyon èt vivan yo. Pa egzanp, predatè, presipitasyon, ak rezèv manje ki disponib tout ede detèmine dimansyon yon twoupo bèt ki nan patiraj.
- Konprann fason chanjman nan anviwònman an, tankou rechofman atmosfè a, kapab afekte kreyati imen ak lòt kreyati vivan.
- Konprann fason èt vivan adapte yo ak anviwònman yo pou yo kapab siviv. Pa egzanp, anpil bèt chanje fason yo itilize enèji ki nan manje pou yo kenbe menm tanperati kò a.
- Itilize yon mikwoskòp konpoze (yon mikwoskòp ki itilize plis pase yon lantiy pou fè objè yo parèt pi gwo) pou detèmine dimansyon yon objè ki twò piti pou wè avèk je moun poukont li.

Aprantisaj lakay

Èske katye ou nan trajektwa gwo dlo ki sòti nan tanpèt oswa siklòn kòt yo?

Mande pitit ou pou li tcheke kat jeyografi zòn enpak yo nan sit wèb www.oasisnyc.net/OASISNYC_CoastalStormZones.htm.

Ansanm avèk pitit ou, ale nan sit wèb *Ology American Museum of Natural History* pou timoun, amnh.org/ology/earth/stufftodo/weather_main.html, pou aprann fason pou fè pwòp estasyon metewolojik pou fanmi ou.

Ankouraje pitit pou li ale nan sit wèb *U.S. Environmental Protection Agency* pou timoun, epa.gov/climatechange/kids/index.html pou li jwenn enfòmasyon, jwèt, *links* ak lòt bagay ankò.

Pale avèk pitit ou sou fason fanmi ou kapab konsève dlo, enèji, ak lòt resous ki lakay ou. Mande pitit ou pou li fè yon plan fanmi ou kapab swiv.



Aprantisaj lakay

Ansann avèk pitit ou, navige sou jounal nan entènèt sou yon peyi ki nan Emisfè oryantal—pa egzanp, *Pravda* nan Risi, english.pravda.ru, *China Daily* nan Lachin, www.chinadaily.com.cn, oswa *The Times*, nan Lond, Angletè, www.timesonline.co.uk/tol/news.

Ankouraje pitit ou pou li aprann plis sou “vil sè” vil Nouyòk nan Emisfè oryantal. Ale sou sit wèb *New York City Global Partners*, www.nyc.gov/html/unccp/scp/html/scphome/home.shtml epi klike sou “NYC’s Sister Cities.”

Ansann avèk pitit ou, eksplòre boza anpil kilti ak anpil peryòd Emisfè oryantal nan istwa nan *New York’s Metropolitan Museum of Art*. Navige sou kwonoloji istwa boza mize a sou Entènèt, www.metmuseum.org/toah/splash.htm.



Syans sosyal

Nan klas sizyèm ane, elèv yo ap eksplòre jeyografi ak devlopman Emisfè oryantal, tankou peyi Lafrik, Lazi ak Lewòp.

Nan fen ane akademik lan, tout elèv yo ta dwe kapab :

- Konprann yo kapab mezire tan an ane, dekad, syèk ak milènè.
- Idantifye moman enpòtan ak evènman pou peyi Emisfè oryantal yo (pa egzanp, Anpi women, Mwayennaj ak Revolisyon Ris).
- Konpare ak opoze evènman k ap pase kounye a avèk evènman istorik yo.
- Itilize sous prensipal yo pou prezante rapò sou peryòd istorik nan peyi Emisfè oryantal yo. Pa egzanp, itilize foto orijinal, fim, jounal pèsònèl, ak lòt dokiman ki alapòte pou prezante rapò sou Dezyèm Gè Mondyal ak Olokòs la.
- Konprann devlopman premye sivilizasyon Emisfè oryantal. Pa egzanp, konnen pou kisa yo rekonèt teritwa ki toupre rivyè Tigris ak Euphrates kòm Bèsò Sivilizasyon.
- Li ak entèprete kat jewografi pou konprann sivilizasyon yo te devlope kote kondisyon jewografik yo te pi favorab.
- Itilize kat jewografi ki genyen objektif espesyal, glòb, ak foto pou konprann resous natirèl peyi Emisfè oryantal la.
- Rekonèt migrasyon pèp yo pèmèt echanj lide.
- Konprann kouman gouvènman ki nan Emisfè oryantal la chanje pou satisfè bezwen pèp yo (Paegzanp, chanjman an Chin, Afrik Disid, elatriye).
- Konpare ak diferansye pwendvi sou otorite ak lwa moun yo konsève nan diferan peyi Emisfè oryantal.

Plis konesans ak aptitud enpòtan

Elèv klas sizyèm ane nou yo ap aprann plis pase li, ekri, fè matematik, ak konprann konsèp enpòtan yo nan syans ak nan syans sosyal.

- **Boza** : Elèv klas sizyèm ane yo ap patisipe nan boza vizyèl, dans, mizik ak teyat. Y ap ogmante aptitud yo nan chak fòm atistik epitou y ap aprann fason pou fè rechèch nan istwa fòm yo. Y ap konekte etid yo ak faktè istorik, kiltirèl, ekonomik ak lòt faktè ki enfluyans boza, epitou y ap eksplore resous atistik varye ak rich vil Nouyòk. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Egzèsis fizik ak Sante** : Elèv yo ap kontinye amelyore sante ak byennèt pèsonèl yo, sante fanmi yo ak zanmi yo, epi sante lekòl yo ak kominote yo. Pa egzanp, nan tout matyè debaz yo, elèv yo ap aprann fason pou analize enfluyans fanmi, kamarad klas, ak medya sou konpòtman sante ak fason pou pratike konpòtman sante epitou pou evite konpòtman danjere, tankou fimèn ak pran dwòg . Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Bibliyotèk ak Rechèch** : Nan fen ane a, elèv klas sizyèm ane ap kapab ekri kesyon ki mennen nan rechèch enteresan; itilize katalòg ki nan Entènèt pou chèche liv byen presi ak pou yo chèche nan etajè yo; itilize plizyè fòm, tankou sit wèb ak baz done pou abònman kòm sous enfòmasyon; melanje enfòmasyon ak dedikasyon pou fè konklizyon epitou pou kreye sans; prezante enfòmasyon ak konklizyon nan divès kalite fason; epi swiv pwosedi sekirite lè y ap itilize Entènèt. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.
- **Teknoloji** : Elèv ki nan klas sizyèm ane yo konnen kouman pou yo itilize teknoloji ak enfòmasyon yon fason ki sennesòf ak responsab. Elèv yo kapab dekri etap pou itilize sit kouran pou rechèch sou Entènèt ak fonksyon debaz rechèch lòt resous teknoloji pou chèche ak evalye enfòmasyon ki nan divès kalite sous. Elèv yo ap site travay yo kòrèkteman epitou y ap konprann konsekans ki genyen lè yo kopye sa ki pa pou yo. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Aprann plis

Gid sa a ofri sèlman yon ti rezime sou plizyè nòm pitit ou a ap gen pou l aprann ane sa a. Ou ka gade ak fè kopi gid sa yo pou tout klas , jadendanfan-8yèm ane menmjan ak tout nòm yo okonplè pou tout matyè ak tout klas sou sit wèb nou an nan www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics.

Divizyon Ansèyman ak Aprantisaj ak OFEA ofri enfòmasyon adisyonèl sou edikasyon pitit ou a ak lide sou kouman ou ka ankouraje li, e lakay e nan lekòl pitit ou a. Pou plis enfòmasyon, ale sou toude, sit wèb Ansèyman ak Aprantisaj www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/academics ak sit wèb OFEA

www.nyc.gov/schools/languages/haitiancreole/OFEA. Ou ka kontakte tou koòdonatè paran lekòl pitit ou a oswa OFEA nan (212) 374-2323 oswa pa Imèl nan ofea@schools.nyc.gov. Anplis, ou ka telefone 311 pou plis enstitisyon kiltirèl ak istorik nan vil la pou w vizite ak pitit ou yo.

T&I-7924 6th (Haitian Creole)



Department of
Education

Joel I. Klein, Chancellor

